

DOKIMAN NAN ACHIV (COVID-19)



Dokiman ki annapre la a se pou rezon istorik epi yo pap fè mizajou ladan ankò. Tanpri ale sou [sit entènèt COVID-19](#) la pou jwenn enfòmasyon ki pi resan yo.



**U.S. Department of
Health and Human Services**
Centers for Disease
Control and Prevention

Lè Ou Malad


Vèsyon aksesib: <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/if-you-are-sick/steps-when-sick.html>

Pou anpeche pwopagasyon COVID-19

- Mete yon mask.
- Rete omwen 6 pye distans avèk lòt moun.
- Lave men ou souvan.
- Kouvri bouch ak nen lè w ap touse ak tous ak etènye.
- Netwaye chak jou sifas anpil moun manyen yo.


Si ou malad, swiv etap sa yo Rete lakay ou eksepte pou al pran swen medikal

- Mete yon mask.
- Rete omwen 6 pye distans avèk lòt moun.
- Lave men ou souvan.
- Kouvri bouch ak nen lè w ap touse ak tous ak etènye.
- Netwaye chak jou sifas anpil moun manyen yo.



Rete separe de lòt moun ak bèt nan kay ou

- Rete nan yon chanm byen presi otank posib.
- Rete lwen lòt moun ak bèt nan kay ou.
- Si sa posib, ou dwe itilize yon twalèt apa.
- Si ou dwe ozalantou lòt moun oswa bèt andedan oswa deyò kay la, mete yon mask.



Lè Ou Malad



Pa pataje atik pèsònèl nan kay

Pa pataje avèk lòt moun oswa bèt nan kay ou asyèt, vè, gode, kouvè, sèvyèt, ni atik kabann.



Siveye sentòm ou yo

Sentòm COVID-19 yo gen ladan lafyèv, tous, souf kout ak plis ankò.

Swiv direktiv founisè swen sante ou ak departman sante lokal ou bay.



Kilè pou chèche swen medikal dijans

Si yon moun gen

- Pwoblèm pou respire.
- Doulè oswa presyon pèsistan nan pwatrin.
- Pa kapab reveye oswa rete jeklè.
- Po, lèw oswa anba zong koulè pal, gri oswa ble, tou depan koulè po a.

Chèche swen medikal dijans touswit. Rele 911 oswa rele etablisman dijans lokal ou alavans Avèti operatè a ke w ap chèche swen pou yon moun ki gen oswa ki petèt gen COVID-19.